



Pou Piblikasyon Imedya: 14/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE VILAJ HOMER KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN  
NEW YORK SANTRAL NAN KAD SIZYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON  
ANBA LAVIL LA**

*Investisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati enpòtan nan estrateji  
global kwasans ekonomik ak kominotè Eta a*

*Eta a pral travay avèk rezidan yo, lidè kominotè yo ak responsab piblik yo pou  
revitalize anba lavil Homer a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vilaj Homer pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan New York Santral la nan kad sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Nan 6èm faz DRI a, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik eta a yo ap resevwa 10 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Anba lavil nou yo jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi lokal nou yo, epi n ap travay anplis pou revitalize yo atravè Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman 10 milyon sa a nan Vilaj Homer pral ede voye kominote a moute pou jenerasyon k ap vini yo epi rekonstwi mwayen pou viv ak ekonomi rejyonal New York Santral la."

DRI sèvi kòm yon eleman nan politik devlopman ekonomik Eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè yon pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme epi eksplwate plis investisman prive ak piblik. Depatman Eta a ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a.

### **Homer**

Homer se yon pati esansyèl nan Amerikana, ak yon Main Street ki laj ki gen pye bwa majestyè ak chato istorik ki fè plas pou yon vilaj Green istorik. Homer's Center for the Arts (Sant Atistik Homer) te vin tounen yon destinasyon rejyonal atistik pou pèfòmans,

bilding yo te redevlope ak inite rezidansyèl inik ak nouvo investisman pa devlopè prive ap estimile momentòm lan pou lavni. Vilaj Homer te idantifye yon seksyon 109 ekta ki byen defini epi ki pratik pou pyeton nan Vilaj la kòm zòn investisman DRI li a. Zòn sa a gen ladann alafwa tout Rejis Nasyonal Distri Istorik Old Homer a ak Distri Komèsyal Santral ki zone a, ki gen ladan Vilaj Green, epi li anglobe yon melanj estrikti rezidansyèl, komèsyal, sivik ak relijye. Zòn sa a se nwayo Vilaj la, li gen ladann pòtay prensipal yo ki bay nan zòn anba lavil la epi li bay gwo potansyèl investisman.

Homer ap chèche pwofite bilding istorik li yo, atraksyon kiltirèl, ak bò rivyè a pou kreye yon anba lavil pou 21èm syèk la. Pou reyalize objektif sa a, Vilaj la angaje sitwayen li yo, òganizasyon san bi likratif yo ak kominote devlopman yo pou etabli yon vizyon pou lavni ki pral re-aktive bòdmè a, retabli bilding istorik yo, elaji byen kiltirèl vilaj la, kreye nouvo opòtinite travay, ogmante dirabilite, re-imagine espas piblik yo epi atire nouvo rezidan yo pou yo rele bijou santral New York sa a lakay yo.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) New York Santral la te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon kominote yo atravè rejyon an te soumèt, epi konsidere kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Homer kòm zòn ki nonmen:

- Anba lavil la konpak, avèk limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo oswa katalize yo;
- Kwasans travay resan oswa iminan nan anba lavil la oswa toupre li ki atire travayè yo, soutni reyamenajman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti nan yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmè ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Homer te resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta a pou revitalize katye anba lavil li epi jenere nouvel opòtinite pou kwasans alontèm apre pwosesis planifikasyon lokal la. Homer rejwenn vil Oswego, Cortland, Auburn, Fulton, Oneida ak Syracuse, ki te gayan New York Santral pandan premye senk faz DRI yo.

Homer pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil li avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Investisman Estratejik la ap egzamine atou ak opòtinite

lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè valse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou sizyèm faz DRI a pral fin konplete an 2023.

**Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Vilaj Homer se yon bijou nan New York Santral ak bilding istorik, atraksyon kiltirèl ak peyizaj panoramik li yo. Finansman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil sa a pral pèmèt Homer reyaktif bòdmè li yo epi kreye yon anba lavil pou 21èm syèk la, sa ki fè vilaj istorik sa a vin yon destinasyon ideyal pou vizitè ki soti toupatou nan rejyon an ak nan eta a."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Plan sible ki vize lavni Homer a pwofite tout avantaj sou pase istorik bèl vilaj sa a ak avni ki eksitan li a. Finansman DRI sa a pral ede amelyore vizyon solid kominote a davantaj, ki pral mennen efò devlopman ekonomik reflechi sou bèl bòdmè a epi atire vizitè Homer pou ane k ap vini yo."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te gen yon enpak transfòmatif sou kominote yo atravè eta a nan fè Nouyòkè yo ak biznis yo tounen nan anba lavil nou yo, kreye travay, agrandi opòtinite lojman abòdab, ak bati katye ki pi ekitab. Felisasyon ak Homer pou reyalizasyon sa a ki pral restore sant vil istorik vilaj la ak bò rivyè a epi amelyore kalite lavi pou rezidan aktyèl yo ak pwochen rezidan yo."

**Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral, Randy Wolken, Prezidan ak Direktè Egzekitif Asosyasyon Pwodiktè New York Santral, ak Doktè Linda M. LeMura, Prezidan Le Moyne College, te deklare,** "Nou ekstrèmman kontan wè yo nonmen Vilaj Homer kòm dènye benefisyè DRI pou rejyon New York Santral la. Bèl kominote sa a pare pou l travay sou plan estratejik sible li ki vize atire investisman ak re-dinamize ak redevlope kè ak nanm distri biznis istorik vilaj la."

**Manm Asanble Jeff Gallahan te deklare,** "Homer byen merite Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak finansman 10 milyon dola a. Sa a se yon investisman enteresan nan lavni nò New York la. Lajan sa yo pral sipòte amelyorasyon enfrastrikti enpòtan ki enpòtan anpil pou atire epi kenbe biznis k ap kreye travay yo. Lè nou travay ansanm, nou ka kontinye amelyore Eta nou an epi bay yon sipò enpòtan pou kominote lokal nou yo."

**Majistra Vilaj Homer a, Hal McCabe, te deklare,** "Nan non Vilaj Homer, mwen vle eksprime jan nou apresye anpil desizyon pou nou akòde Homer Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pou NY Santral la. Finansman sa a pral asire bèl vilaj istorik amikal nou an rete pwospere epi aksesib pou jenerasyon k ap vini yo. Kèk nan estrikti istorik ki pi enpòtan nan rejyon an pral konsève gras ak lajan sa yo, ansanm ak kreye nouvo biznis ak opòtinite devlopman ekonomik pou rezidan aktyèl nou yo. Pandan n ap prepare kòm

yon rejyon pou arive Micron, DRI a pral ede tou pwojè lokal ki pral pozisyone Homer kòm youn nan premye kominote nouvo anplwaye yo prevwa ak fanmi yo pral rele lakay yo. Mwen pa ka remèsye Gouvènè Hochul ak Sekretè Deta Rodriguez ase pou onè sa a."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive.

Nan senk premye ane pwogram nan, eta a te angaje 600 milyon dola pou investi nan 59 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo bay chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou anbalavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse epi maksimize investisman siplemantè prive ak piblik yo.

Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418